



# MANM ASANBLE Latrice Monique Walker

Rapò pou Pèp la • Ivè 2020

## Ché Vwazen:

Mwen espere e mwen priye ke bilten nouvèl sa rive jwenn nou, sitwayen Distrik 55 yo byen. Dabò, mwen vle di mèsi paske nou fè m konfyans pou yon lòt manda pou reprezante distri nou an. Nap viv nan moman ki san presedan. Pandemi COVID-19 (kowonavirus) la te frape nou di, men nou se yon kominate ki rezistan ki pran swen tèt nou. Map goumen pou asire ke tout manm kominate nou yo gen resous eta ke yo bezwen pou viv an sante epi viv lavi ki reyisi. Pliske nou tout te oblige ajiste epi reyajiste nan mitan yon pandemi, travay la dwe toujou fèt pou fè Eta New York kontinye avanse nan direksyon ki pi wo. Pandan pandemi an, mwen te vwayaje nan kapitol eta a pou adopte yon bidjè eta ki te bay plizyè milyon dola pou kominate ki pi nan bezwen yo. Mwen te entwodui epi patwone tou lejislasyon pou refòm polis ki konplè. Nou te adopte lejislasyon ki legalize espektatè New York yo pou anregistre entèrakson polis ak sivil yo nan fason elektwonik kounye a. Nou te anile tou règleman 50A a ki rann anregistreman disciplinè yon ofisyel polis disponib pou piblik la wè kounye a.

Bilten nouvèl sa gen objektif pou l yon resous ki itil pou kenbe ou ajou sou pwoblèm k ap afekte 55yèm Distri Asanble a nan eta nou an.

Sensèman,

Latrice Monique Walker  
Manm Asanble, 55yèm A.D.



Distribisyon ekipman pwoteksyon pèsònèl nan kominate a

## MEN KÈK PWOJÈ LWA KLE KE MWEN TE ENTWODUI EPI PATWONE D

**A8280C Walker** – Etabli yon pwosesis enskripsyon elektwonik pou elektè ke yo rekonèt kòm Enskripsyon Elektè Otomatik, (Automatic Voter Registration, AVR).

**SUMM:** Patisipasyon ajans yo ap bay aplikasyon enskripsyon pèsònèl pou elektè ki entegre ak aplikasyon pou sèvis ajans yo. Ajans ki enkli yo se Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV), Depatman Sante (Department of Health, DOH), Biwo Èd Tanporè ak pou Enfimite (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA), Depatman Travay (Department of Labor, DOL), Biwo Sèvis Pwofesyonèl ak Edikatif pou Moun ki Gen Enfimite (Office of Vocational and Educational Services for Individuals with Disabilities), Depatman Sèvis Sosyal Konte ak Vil yo, ak Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA).

**A8337B Walker** – Gen rapò ak otorizasyon konsèy koreksyon vil New York la pou gen aksè nan dosye medikal ak psikiatrik prizonye ki mouri yo

**SUMM:** Pub Health L, Pèmèt konsèy koreksyon vil New York la gen aksè nan dosye medikal ak psikiatrik prizonye ki mouri yo nan kèk sikostans.

**A8674A Walker** – Lye ak itilizasyon kamera moun pote sou yo pou ofisyel polis eta New York yo

**SUMM:** Exec L Gen rapò ak itilizasyon kamera moun pote sou yo pou ofisyel polis eta New York yo; li etabli pwogram kamera moun pote sou yo pou polis eta New York; egzije divizyon polis eta a pou bay kamera moun pote sou yo pou tout ofisyel yo pote.



## PWOJÈ LWA KONSÈNAN LOJMAN ASANBLE A PWOPOZE:

- S8802/A10826** – Lwa sou Anilasyon Lwaye ak Ipotèk 2020 - bay yon dwa inivèsèl pou soulaje lokatè ak pwopriyetè ti kay yo pou pèman lojman yo pandan eta ijans piblik COVID-19 la ke Kad Egzekitif Eta New York yo te deziyen, epi etabli pwoteksyon pou moun egzèse dwa sa. Pwojè lwa sa otorize èd finansye pou kowabitasyon rezidansyèl, founisè lojman abòdab, pwopriyetè ki ka demonstre difikilte akoz pèman yo te anile dapre lwa sa, ak pou otorite lojman piblik yo.
- S8667/A10827** – Pwolonje sispanasyon sou pwosedi ekspilsyon rezidansyèl ak komèsyal pou yon lane apre eta dijans COVID-19 la fini.
- S8865/A10901** – Limit pèman lwave, soti 7 mas 2020 rive nan fen pandemi an, pou kèk lokatè ki te pèdi revni yo oswa ki te fose pou fèmen biznis yo, pèmèt òganizasyon san bi likratif oswa ti biznis ki gen 25 anplwave oswa mwens yo pou peye jiska 20% nan revni oswa lwave ki sou kontra yo, dapre sa ki pi piti a.
- S8175/A10265** – Fè amandman nan enstriksyon sou Pwoteksyon Lokatè 1974 yo pou konsèy enstriksyon lwave a ka entèdi pou ogmante lwave yo sou yon lane sou kontra en an pandan yon eta dijans apre katastwòf.
- S5009/A5199** – Lye ak fason pou bay èd a moun ki pa gen mwayen pou peye nan pwosedi tribinal ki lye ak ekspilsyon ak sezi. Sa se Lwa Gedeyon Manm Asanble Walker, Pwojè lwa sou dwa pou gen èd yon avoka.
- A5030B** – Ekspilsyon pou bon koz vize pou anpeche pwopriyetè yo fè ogmantasyon lwave ki depase. Ogmantasyon ki pa rezonob defini kòm ogmantasyon ki depase 3% oswa 1 fwa pou santaj chanjman anyèl nan Endis Pri pou Konsomasyon an, dapre sa ki pi gwo. Sa pral yon amandman nan lwa imobiliye.

## MIZAJOU ALIMANTÈ

Ensekirite alimantè se yon gwo pwoblèm nan kominote nou an, ki vin pi pwononse akoz pandemi an. Antanke Manm Asanble ou, mwen te asire ke yon mwatye milyon nan resous finansye yo te atribye pou distri nou an pou ede divès òganizasyon ak efò yo pou konbat pwoblèm ensekirite alimantè a.

## PWOBLÈM AVANTAJ FISKAL

Nouyokè yo toujou ap fè fas ak chaj finansye akoz pandemi an, ki enkli plizyè santèn pwopriyetè kay nan kominote nou an. Vant ak privilèj fiskal la ap sèlman fè kriz ekonomik lan vin pi mal epi lakoz pwopriyetè — ki nan kominote moun koulè yo pou pifò — gen posiblite pou pèdi kay yo pandan moman sa.

Imèb ki enkli nan vant chak ane yo sitiye nan fason ki pa pwopòsyonèl nan kominote moun koulè yo. An reyalite, dapre Kowalisyon pou Kay Abòdab la (Coalition for Affordable Homes), vil la sis fwa gen plis chans pou vann yon avantaj sou yon pwopriyete ki nan yon katye ki gen majorite Nwa epi de fwa gen plis chans pou vann yon avantaj sou yon pwopriyete ki nan yon katye ki gen majorite Ispanik pase nan yon katye ki gen majorite blan. Plis pase de san kay ki sou lis la se pwopriyete ki bati pa pwogram pwopriyete kay bon mache tankou “Nehemiah Homes.”

Vil la fè anpil sansibilizasyon dabitid pou pwopriyetè kay yo pou asire ke rezidan ki gen dèt pou vil la okouran ke yo gen risk pou antre nan pwosesis vant ak avantaj la epi ke yo byen enfòme sou plan pèman altènatif yo. Ane sa, akoz kontrent grav COVID-19 la te mete sou efò sansibilizasyon yo, pifò travay sa pa t fèt a prèske menm nivo ke ane pase yo. Byenke vant ak avantaj fiskal la pwodui apeprè 34 milyon dola nan revni pou Vil New York, li fè sa sou do moun k ap antre ti revni yo.

Antanke yon manm aktif nan Komite Lojman nan Asanble Eta New York la, mwen sipòte lojman bon mache ak fòs, avèk yon aksan patikilye sou pwopriyete kay ki abòdab. Sa se yon rezon kle ki fè mwen pwopoze Pwojè Lwa A 2673, Lwa Gedeyon Sivil la (Civil Gideon Act). Lwa Gedeon Sivil la bay èd yon avoka pou moun ki pa ka peye reprezentasyon nan pwosedi tribinal ki lye ak matyè sivil yo, nan ka ekspilsyon ak sezi. Li twò penib pou yo soumèt rezidan Vil New York yo enterè chak jou ki konpoze epi ki posib pou lakoz moun yo pèdi kay yo.

Posede kay ta dwe youn nan fason debaz pou genyen richès jenerasyonèl.

Mwen te toujou nan ban devan ap defann kontinyite ak elajisman richès jenerasyonèl nan kominote Nwa ak Mawon yo. Pandan plizyè santèn lane yo te refize moun Nwa ak Mawon yo pwoteksyon konstitisyonèl pou pwopriyete byen.

Mwen sipòte abolisyon vant sou avantaj fiskal la nèt.

## MORATWA POU SEZI, SOU KONTRA REZIDANSYÈL AK KOMÈSYAL

Eta New York te pwolonje moratwa sou ekspilsyon ak sezi komèsyal yo jiska 1ye janvye 2021. Dekrè Egzekitif 202.70 Gouvènè Andrew Cuomo a pwolonje dat limit 3 novamm 2020 an pou « ale nan menm sans ak moratwa ekspilsyon rezidansyèl la pou yo toulede ka pwolonje nan menm dat. » Nan yon deklarasyon li te bay nan dat 20 oktòb 2020, Gouvènè Cuomo te abòde difikilte ekonomik kontini sou lokatè komèsyal ak moun k ap peye ipotèk yo, epi li te eksprime espwa li ke pwolongasyon an ap bay plis tan pou lokatè komèsyal yo ratrape lwaye epi renegosye kontra yo epi bay moun k ap peye ipotèk yo opòtinite pou evite ekspilsyon pi devan.



Rasanbleman pou mete fen nan Avantaj Fiskal ak Avoka Walker, Scott Stringer avèk pitit yo

## Men kèk Òganizasyon ki te jwe pye ak men pou fè patenarya ak Biwo nou an ak kominote a pandan pandemi an

Nou ta renmen voye apresyasyon ki pi sensè nou bay tout òganizasyon ki te ede kominote nou an pandan moman difisil sa yo lè yo ofri resous alimantè chak jou pou kominote a.

**Kanpay kont Grangou (The Campaign Against Hunger - TCAH)** te fonde nan lane 1998. Yo ofri plizyè santèn klas, atelye sou edikasyon nitrisyon, demonstrasyon kwizin chak ane pou kliyan yo. TCAH alimante plizyè milye fanmi nan distri nou an chak semèn. Si ou bezwen èd, vizite yo isit la: [www.tcahnyc.org/find-food/](http://www.tcahnyc.org/find-food/)

**Collective Fair** - Se yon òganizasyon kwizin, ansèyman ak apwovizyonman kominotè ki sèvi manje gratis ak manje nan pri ba pou kominote a ak yon opsyon livrezon manje. Si ou bezwen èd, vizite yo isit la: <https://www.collectivefare.com/need-a-meal>

**Universe City** - Jaden Universe City a fè pwomès pou kreye yon modèl pò alimantè ki desantralize k ap fè wout pou ekonomi ki lokalize yo epi kreye enpak anviwònman ki pi piti nan vil nou yo. Nan repons ak COVID-19 la, Universe City Vil NY te rapati efò vè pwodiksyon ak distribisyon manje pou ijans rapid nan Lès Brooklyn. Yo travay kòm yon sant manje kominote ki kowòdone pou resevwa, estoke, epi distribye plizyè santèn liv manje pou moun ki pi vilnerab nan kominote nou an. Yo devwe nan efò sa yo nan fason eksklizif pou yon avni ki previzib. Vizite yo isit la: [www.universecity.nyc/](https://www.universecity.nyc/)

W ap jwenn lòt resous ki te resevwa finansman pou ede nan resous alimantè nou yo:

**Food Bank NYC (Bank Alimantè Vil NY)**  
<https://www.foodbanknyc.org/get-help/>



“Kwizin ak Konvènsasyon” Collective Fare k ap fè Soup Egusi ak Krevèt ak Semil avèk Chèf Femi Frazer

# an Albany ak nan alantou Distri a



Nouvo non pou Estasyon Metwo Medgar Evers la



Manm Asanble Latrice Walker nan Restoration Plaza pou ranfòse aktivite li a ak siyati liv Be You Not Her (Se pou ou tèt pa ou, pa li menm)



Konduit bisiklèt nan kominote pou sansibilizasyon sou resansman 2020 an



Bookaween ak Manm Kongrè Yvette Clarke, Senatè Eta a Zellnor Myrie, ak Manm Konsèy Alicka Ampry-Samuel ak Anplwaye yo.

## KOMITE

**Prezidan, Komisyen Lejislatif sou Syans ak Teknoloji:** (Legislative Commision on Science and Technology, LCST) bay lidèchip, planifikasyon ak kowòdinasyon nan tout domèn ki enplike Lasyans, Teknoloji, Enjenyeri ak Matematik.

**Kodaj:** : yon komite siperyè ki jere tout règleman ak lwa nan tout lòt divès komite yo ki gen yon aksan sou domèn jistis kriminèl.

**Lojman:** responsab pou lejislasyon ki konsène devlopman lojman ak prevansyon. Konpetans li genyen ladan 1 règleman sou lokasyon, ansanm ak lejislasyon ki amande volim lwa konsolide New York yo tankou; lwa sou imèb kolektif; lwa sou rezidans miltip; lwa sou finansman lojman prive (ki dirije pwogram eta tankou Mitchell- Lama); ak lwa sou lojman publik.

**Lwa sou Eleksyon:** jiridiksyon ki sou tout lejislasyon ki afekte eleksyon tankou aksè nan bilten vòt, anrejistreman ak enskripsyon elektè, edikasyon ak sansibilizasyon elektè, kanpay finansman ak pwosedi administratif ki lye yo.

**Koreksyon:** jiridiksyon sou lejislasyon ki afekte tout aspè nan operasyon etablisman koreksyon eta ak lokal yo; avèk 54 etablisman koreksyon eta ak 62 sistèm koreksyon lokal, ki enkli tout prizon lokal ak sant detansyon polis yo ke minisipalite atravè Eta New York yo dirije. New York genyen apeprè 53,000 prizonye nan etablisman eta yo ak 27,370 nan etablisman lokal yo.

**KOMITE JIDISYÈ:** Komite Asanble a sou kesyon Jidisyè gen jiridiksyon sou lejislasyon ki afekte tout aspè tribal eti ak lokal yo alafwa. Li gen jiridiksyon prensipal sou amandman Konstitisyon Eta a, Pratik lwa ak règleman sivil, Dwa jidisyè, Lwa jidisyè inifòm, Lwa sou tribal familyal, Lwa sou tribal ak pwosedi sou pote pitit pou yon lòt moun, Lwa sou relasyon domestik, Lwa sou pouwva siksesyon ak fidisi, Kòd komès inifòm, Lwa sou privilej, Lwa sou kreyansye ak debitè, La sou obligasyon jeneral, Lwa imobilye, Lwa sou aksyon ak pwosedi imobilye, Lwa sou dwa sivil, Lwa sou patenarya, Lwa sou pwosedi domèn eminan ak dwa endyen. Komite a pataje sipèvizon sou bidjè Administrasyon Biwo Tribunal la ak Depatman Legal la tou ak Komite Fason ak Mwayen Asanble a (Assembly Ways and Means Committee). Anplis, tout amandman yo voye nan Konstitisyon Eta New York la, Komite Jidisyè a revize yo.

**Vis Prezidan Kokis Lejislatif Nwa, Pòtoriken, Ispanik ak Azyatik Eli**

**Manm Kokis Lejislatif Fanm**

**Manm Gwoup Travay pou Pòtoriken / Ispanik**

# Lis 55yèm Koneksyon Kominotè

**TANPRI VIZITE SITWÈB RESPEKTIF YO OSWA RELE  
POU ENFÒMASYON SOU RANKONT VITYÈL POU  
ÒGANIZASYON ENDIVIDYÈL YO.**

Twazyèm samdi nan mwa a



## REYINYON KONSEY KOMINOTÈ

- CB 3** Premye lendi nan mwa a
- CB 4** Dènye mèkredi nan mwa a
- CB 5** Katriyèm mèkredi nan mwa a
- CB 8** Dezyèm jedi nan mwa a
- CB 16** Katriyèm madi nan mwa a
- CB 17** Twazyèm mèkredi nan mwa a

## REYINYON KOMINOTÈ PA AWONDISMAN

- 67yèm PCT** Twazyèm jedi nan mwa a
- 73yèm PCT** Twazyèm jedi nan mwa a
- 75yèm PCT** Premye mèkredi nan mwa a
- 77yèm PCT** Premye lendi nan mwa a
- 81yèm PCT** Dezyèm madi nan mwa a
- PSA 2** Twazyèm madi nan mwa a
- PSA 3** Premye mèkredi nan mwa a

New York State Assembly • Albany, New York 12248

**MANM ASANBLE**  
**Latrice Monique**  
**Walker**

*Rapò pou Pèp la • Ivè 2020*

**Manm Asanble Latrice Walker –  
Toupatou nan Distri a**



Manm Asanble Walker nan Rasambleman pou Sispenn Vyolans lan



Nan Fèt Halloween nan Amboy Community Gardens

## Rankontre Pèsonèl Biwo nou an

### Isis McIntosh Green

Sekretè Jeneral

mcinton@nyassembly.gov

### Rev. Eddie Karim

Direktè Relasyon Kominotè

karime@nyassembly.gov



### Renée Trotman

Planifikatè / Sèvis pou Elektè

trotmannr@nyassembly.gov

### Nadeen Gayle

Direktè Kominikasyon

gaylen@nyassembly.gov

**TANPRI PA EZITE BAN NOUYON APÈL:**

400 Rockaway Avenue, 2nd Floor, Brooklyn, New York 11212 • 718-342-1256